



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO AKSYON POU AMELYORE JISTIS AK SEKIRITE NAN PRIZON YO NAN VIL LA

Siyen lwa (S.1144A/A.5576A) Refòm Revokasyon Sipèvizyon Kominotè Less is More (Mwens se Plis); 191 moun pral libere touswit apre yo fin sèvi pèn yo nan kad estanda Less is More yo

Anonse akò avèk Depatman Koreksyon ak vil la pou otorize moun ki nan prizon yo transfere soti nan Rikers Island pou ale nan detansyon Eta a *jisit la*; 40 moun chak jou pandan omwen 5 jou ki kondane pou omwen 90 jou pral transfere

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aksyon pou amelyore jistis ak sekirite nan prizon yo nan vil la. Gouvènè a te siyen Lwa Less is More (S.1144A/A.5576A) ki modifiye estanda prèv ak kèk nan lòt pwosedi yo lè y ap detèmine si pou revoke sipèvizyon yon moun nan kominote a sou libète kondisyonèl. Gouvènè Hochul anonse tou [yon akò](#) avèk Depatman Koreksyon ak vil la pou otorize moun ki nan prizon yo ki te kondane pou omwen katrevendis jou pou yo transfere soti nan Rikers Island pou ale nan enstalasyon Eta New York yo.

"Konpatriyòt Nouyòkè nou yo ki sou libète kondisyonèl merite reyentegre sosyete a avèk sipò nou ak respè - mete moun ki sou libète kondisyonèl yo nan prizon ankò pou vyolasyon teknik pyeje yo epi pa ede kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo ki aktyèlman ap sèvi pèn yo nan prizon merite sipò nou tou - pa gen okenn jistis nan maltrete prizonye nan New York yo. Pandan se apèn yon etap e gen plis travay ki dwe fèt nan tèt ansanm avèk tout nivo nan gouvènman an, mwen fyè pou pran mezi sa yo pou ogmante sekirite nan prizon yo nan vil la, non sèlman pou sila yo ki nan prizon men tou pou ekip k ap travay san pran souf pou kenbe operasyon yo fonksyonèl".

Siyen epi aplike lejislasyon Less is More la

Lwa Less is More la vize asire Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) a konsantre resous li nan ede moun ki fini sipèvizyon kominotè a avèk siksè epi evite retou alavni nan detansyon DOCCS oswa sipèvizyon.

Anpeche moun sa yo tounen nan prizon pèmèt Eta New York konsantre resous limite li sou vyolasyon libète kondisyonèl ki majè yo. Sa ankouraje plis sekirite ak jistis pou fanmi yo nan kominote a.

Anplis de sa, avèk Gouvènè a ki siyen pwojè lwa "Less is More" la, nan lespri nouvo lejislasyon sa a, DOCCS aktyèlman ap revize vyolatè libète kondisyonèl aktyèl yo epi travay avèk responsab yo nan Vil la pou libere touswit 191 moun ki pa pral kalifye pou detansyon ankò.

Akò avèk Vil New York

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a te travay avèk Vil New York pou [pwofite yon lwa ki egziste](#) ki pral pèmèt plizyè santèn moun ki te pran prizon pou pèn defini, sa vle di sila yo ki kondane pou omwen yon jou men ki mwens pase yon ane, pral transfere soti nan Rikers Island pou ale nan detansyon Eta a kote yo pral sèvi kondanasyon yo nan ensatalasyon DOCCS yo.

Gouvènè Hochul ap òdone tou pou yo transfere karant moun ki kondane pou omwen katrevendis jou soti nan Rikers Island chak jou pou ale nan enstalasyon Eta New York yo pou senk jou k ap vini yo. Sa pral kontinye fèt sou yon baz kontinyèl pou sila ki elijib yo.

Senatè Julia Salazar te deklare, "New York kontinye mete plis moun nan prizon pou vyolasyon 'teknik' ki pa kriminel ki sou libète kondisyonèl pase nenpòt eta nan peyi a. Gouvènè Hochul ki siyen pwojè lwa Less is More la vle di plizyè milye Nouyòkè pral kapab viv lavi yo san yo pa bezwen ap plede tonbe anba sik enjistis ki se sistèm libète kondisyonèl nou an. Anprizònman an mas non sèlman fè mal ak moun yo ak fanmi yo men tou kite yon enpak negatif, alontèm sou tout kominote yo. Adopsyon Less is More la se yon etap trè pozitif ke nou selebre. Konsidere kriz dwa moun san presedan nan prizon nan Rikers Island yo ak nan enstalasyon koreksyonèl yo nan New York, nou toujou gen plis travay pou nou fè. Nou dwe pran mezi lejislatif tou pou transfòme plis sistèm libète kondisyonèl la epi ranvèse bilan devastatè anprizònman an mas la nan kominote yo nan eta nou an".

Manm Asanble David Weprin te deklare, "Pandan twò lontan, moun k ap viv sou libète kondisyonèl yo te viv nan laperèz ke yon vyolasyon teknik, tankou anreta pou yon kouvrefe, t ap voye yo tounen nan prizon. Nou tout konnen lavi sa egziste. Nenpòt moun k ap viv nan New York konsyan ke metwo ak bis yo kapab anreta epi lakòz li rate yon delè. Yon vyolasyon libète kondisyonèl teknik ki pa kriminel pa ta dwe yon rezon pou fanmi yo separe de moun yo renmen yo. Lwa Less is More la pral ede mete fen nan pratik pinitif re-mete moun nan prizon ak pèmèt yo jwenn chans pou reyentegre nan kominote yo. Kòm Prezidan Komite sou Koreksyon Asanble (Assembly Committee on Correction) a, mwen te travay sou pwojè lwa sa a pandan anpil ane. Mwen fyè pou m temwen siyati endispansab sa a jodi a. Mwen remèsye esponsò pwojè lwa a, direksyon lejislatif la, Gouvènè a, ak defansè yo pou tout travay san pran souf yo sou pwojè lwa sa a."

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union te deklare, "Li pase l'òrè deja pou rejim libète kondisyonèl regresif New York la resevwa refòm li te tèlman bezwen an pou mete fen nan pratik vanjans, diskriminatwa ak pratik dezimanize ki se mete moun sou libète kondisyonèl yo nan prizon pou bagay teknik ki pa kriminèl. New York dwe sispann mete moun nan prizon pou pifò vyolasyon teknik yo, limite sanksyon pou lòt yo, mete fen nan pratik anprizònman otomatik anvan odyans sou libète kondisyonèl yo epi pèmèt moun yo akize ki vyole libète kondisyonèl yo jwenn dwa yo pou gen yon odyans akselere devan yon jij san reta. Nou ankouraje pou nou wè Gouvènè Hochul ki tande moun ki sou libète kondisyonèl yo, fanmi yo ak sila yo ki nan kriz imanité nan Rikers nan moman sa a, epi espere Vil New York ak eta a pral kounye a pran mezi imedyata pou redui inegalite nan sistèm jiridik kriminèl brize nou an".

Tina Luongo, ki se Avoka An Chèf pou Pratik Defans Kriminèl nan Legal Aid Society, te deklare, "Avèk yon kout plim, New York, kounye a, finalman vire paj yon sistèm drakonyen sou revokasyon libète kondisyonèl ki te ede kontinye ak anprizònman an mas pandan plizyè deseni. Lejislasyon an - si Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York la aplike li - pral bay soulajman esansyèl pou kriz imanité aktyèl la nan Rikers Island nan sekirize liberasyon plis pase de san moun ki aktyèlman detni pou vyolans libète kondisyonèl ki pa kriminèl, ki teknik. Legal Aid Society (Sosyete pou Èd Legal) la felisite Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif la poutèt yo adopte pwojè lwa enpòtan sa a pou tounen lwa ki pral literalman sove lavi".

Sharon White-Harrigan, Direktè Egzekitif Asosyasyon Jistis Kominotè pou Fanm, te deklare, "Se yon gwo okazyon pou siyati pwojè lwa Less is More la. Nou remèsye nouvo Gouvènè Kathy Hochul dèske li rekonèt enpòtans pwojè lwa sa a ak anpil lavi li pral afekte ak amelyore anndan ak deyò sistèm dezimanize sa a. Sa se kòmansman chanjman peyizaj ak trajektwa lavi moun yo. Gen tèlman anpil travay ki rete pou fèt, sepandan, nou kòmanse nan rekonèt LESS IS MORE!!!!!!!"

Lee Winkelman, Òganizatè Ekip sou Teren, Sant Aksyon Relijye pou Refòm Jidayis nan New York, te deklare, "RAC-NY (Sant Aksyon Relijye nan New York) selebre Gouvènè Hochul dèske li siyen Lwa Less is More la, yon nouvo lwa ki transfòme sistèm libète kondisyonèl New York la ki te sa ki pi mal nan peyi a. Jwif refòm nan tout eta a te travay di pou jwenn sipò pou Less is More la akòz li entegre prensip Jwif T'shuva, ki di tout moun ka chanje lavi yo. Lwa Less is More la pral ogmante jistis rasyal nan sistèm jistis kriminèl New York la, ranfòse sekirite piblik ak ekonomize lajan Eta a".

Reveran Peter Cook, Direktè Egzekitif, Konsèy Legliz Eta New York la, te deklare, "Konsèy Legliz Eta New York la remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen pwojè lwa Less is More la. Pandan twò lontan, anpil Nouyòkè ki te nan prizon te menase san rezon pou retounen nan prizon si yo rate yon kouvrefe oswa randevou pandan yo sou libète kondisyonèl la. Libète kondisyonèl se pa yon jwèt biwokratik "gotcha" (mwen kenbe w) kote nou rann osi difisil posib pou moun yo renouvle. Libète kondisyonèl la

gen entansyon amelyore lavi yo nan ba yo yon chemen pou reyini avèk fanmi yo, jwenn yon travay, gen lojman ak tounen kontribiye nan kominote yo. Less is More la pral asire libète kondisyonèl pral baze sou ideyal restorasyon olye li baze sou prensip vanjans. Nou trè rekonesan pou lidèchip ansyen Senatè Eta a ak kounye a, Gouvènè Adjwen Brian Benjamin, Manm Asanble Phara Souffrant Forest ak anpil lòt lejislasyon dèske yo te jwenn adopsyon Less is More la nan Sena a ak Asanble a epi pou Gouvènè Hochul dèske yo te gen kouraj ak konpasyon pou siyen li".

JoAnne Page, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Fortune Society, te deklare, "Nou rekonesan anpil dèske Gouvènè Hochul siyen pwojè Lwa Less is More la. Nou menm nan Fortune Society te obsève kondisyon yo nan Rikers Island te vin pi mal ak pi danjere. Moun ki konfine la yo soufri anpil nan yon nivo kote kèk ladan te rive swiside tèt yo. Kondisyon yo nan Rikers Island bezwen amelyore toutbon jiskaske Rikers fèmen. Less is More pral, osito li antre anvigè, anpeche moun yo akize ki vyole règ teknik libète kondisyonèl ale nan prizon sou kondisyon ki kriyèl, danjere e ke chaj kont yo menm lan totalman pa jistifye sa. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Lwa sa a. Sa pral, literalman, sove lavi".

Fondatè ak Ko-Direktè Egzekitif Unchained, Derek Singletary, te deklare, "Se yon nouvo jou nan New York! Less is More la: Lwa sou Refòm Revokasyon Sipèvizyon Kominotè a se lwa refòm libète kondisyonèl ki pi transfòmasyon ki te janm adopte nan peyi a. New York p ap gen distenksyon nan zafè mete plis moun nan prizon pou vyolasyon teknik ki pa kriminel pase nenpòt lòt eta. Olye de sa, sistèm libète kondisyonèl nou an pral rekonpanse siksè olye li pini difikilte yo. Sa se yon viktwa pou jistis rasyal ak yon viktwa pou jistis ekonomik. Plis pase 300 gwoup atravè eta a ak plizyè douzèn responsab ofisyèl nan sistèm politik la te voye yon mesaj retantisan ki di, lè sa gen pou wè ak libète kondisyonèl, less is more (mwens se plis). Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen Lwa sa a epi anvè Gouvènè Adjwen Benjamin dèske li fè pwojè Lwa a rive nan Sena anvan li te aksepte nouvo pòs li a, ansanm ak Manm Asanble Souffrant-Forrest. Unchained pa ka tann pou wè aplikasyon rapid li".

Kenyatta Muzzani, Direktris Òganizasyon nan Sant Katal pou Ekite, Sante ak Jistis (Katal Center for Equity, Health and Justice), te deklare: "Siyen #LessIsMoreNY se yon gwo pa an avan, non sèlman pou New York, men tou pou tout peyi a, akòz bòdwo sa a se yon modèl pou refòm libète kondisyonèl entèlijan. Plizyè dizèn milye Nouyòkè ak fanmi yo ki te sibi domaj anba pratik libète kondisyonèl yo pral olye de sa jwenn chans ak sipò yo bezwen pou reyisi. Epi, yon fwa li aplike, pwojè Lwa sa a pral mennen nou yon pa pi pre fèmti Rikers Island pou toutbon. Se moun ki sou plas yo ki te mennen batay sa a ke rasis sistèmik, libète kondisyonèl ak anprizonman an mas te afekte epi nou pa t ap ka pote viktwa san yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li dèske li siyen pwojè Lwa sa a. Epi nou remèsye esponsò prensipal pwojè Lwa a, ansyen senatè eta a epi ki se kounye a Gouvènè Adjwen Brian Benjamin ak Manm Asanble Phara Souffrant Forrest, pou lidèchip yo pou pèmèt nou rive isit la jodi a. Avèk Less is More la ki siyen kounye a, nou pare pou nou travay avèk Gouvènè Hochul ak ekip li a pou aplikasyon rapid ak efikas li".

Donna Hylton, Fondatris A Little Piece of Light, te deklare: "Mwen aplodi lidèchip Gouvènè Hochul nan refòm jistis kriminèl la ak aksyon rapid li ki rekonèt dwa debaz ak diyite moun yo. Mwen eksite jodi a te rive, jan - mwen sèten - plizyè milye Nouyòkè ki pral reyentegre sosyete a eksite tou piske LessIsMoreNY se yon lwa kounye a. Se yon viktwa pou fanm ki te soufri dèyè bawo yo pou ti erè nan libète kondisyonèl, espesyalman fanm koulè ki te afekte yon fason ki pa pwoposyonèl. Se yon viktwa pou fanmi yo, kominote yo ak sosyete a. Ak yon viktwa pou mwen pèsonèlman. Antanke yon fanm ki te pran prizon pou 27 ane nan Bedford Hills epi ki te pase tan nan Rikers Island, mwen konnen kisa yon plas twouban ye. Avèk plizyè dizèn lanmò nan nèf mwa pase yo, sa te tounen yon sekirite piblik ak kriz sante. Jounen jodi a rekonèt sila yo ki te mouri yo, malgre se trajik, yo pa te mouri an ven. LessIsMoreNY etabli yon presedan. Men gen plis bagay toujou pou nou fè. Nou dwe kounye a ede fanm sa yo jwenn lojman, rejwenn mache travay la, reyentegre avèk fanmi ak kominote yo a epi, pi enpòtan toujou, rekonèt tout potansyèl yo".

Kendra Bradner, Direktris Pwojè Pwobasyon ak Libète Kondisyonèl nan Columbia Justice Lab: "Nou aplodi Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a epi remèsye esponsò pwojè lwa a yo, Gouvènè Adjwen Brian Benjamin ak Manm Asanble Phara Souffrant Forrest, dèske yo te entwodui ak adopte lwa a. Nou fyè dèske nou te kanpe bò kote lidè ki dirèkteman afekte yo ak defansè yo pandan plis pase de ane sa te mande pou nou pote viktwa sa. Less is More se san dout efò pou refòm sipèvizyon ki pi odasye ak pi konplè nan peyi a. Sa kapab ede kreye yon wout pou jistis toutbon pou plizyè milye moun, fanmi ak kominote toupatou nan eta a. Nan rann sipèvizyon libète kondisyonèl la vin pi jis, mwens danjere ak ankre nan yon veritab pwosedi ofisyèl, Less is More pral ede mete fen nan kriz sipèvizyon an mas ak anprizònman an mas Eta New York la epi fè nou avanse yon pa pi pre jistis rasyal ak ekite nan sistèm legal kriminèl la".

Ansyen Jij an Chèf Eta New York la, Jonathan Lippman, te deklare, "Gouvènè Hochul ap fè yon premye pa esansyèl vè yon pwosesis rediksyon moun nan prizon nan siyen Lwa Less is More la. Pwojè lwa a gen potansyèl pou redui anpil popilasyon Riker a. Nou espere wè aplikasyon imedyà li pou ede rezoud sitiyasyon sa a nan Rikers. Nou dwe kontinye aji tou yon fason rapid ak sekirite pou fèmen Rikers, ki kontinye se yon bagay ki fè wont nan vil nou an".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)